

Kisa WIDA Alternate ACCESS ye?

WIDA Alternate ACCESS se yon tès yo bay elèv klas matènèl-12yèm ane ke yo idantifye kòm elèv k ap aprann Anglè ak andikap mantal ki pi enpòtan yo.

WIDA Alternate ACCESS mezire konpetans elèv yo nan lang Anglè nan Tande, Li, Pale, ak Ekri.

Poukisa pitit mwen an dwe suiv pwogram WIDA Alternate ACCESS?

Yo te idantifye pitit ou a kòm yon moun k ap aprann Anglè, sa vle di pitit ou a ka benefisyè sèvis sipò lang an Anglè, anplis de pran lòt kou. Elèv k ap aprann Anglè yo pran yon tès konpetans nan lang Anglè chak ane. Anpil elèv k ap aprann anglè pran tès ACCESS for ELLs. Rezon ki fè pitit ou a pran tès WIDA Alternate ACCESS la se petèt paske

- Yo te idantifye li kòm yon moun ki gen yon andikap mantal enpòtan.
- Pwofesè yo panse ke WIDA Alternate ACCESS, ki ofri sipò siplémentè ak opòtinite pou reponn ak kesyon tès yo, ta ka pèmèt yo demonstre konpetans yo nan lang Anglè.

Konpetans nan lang Anglè

Yon nivo konpetans nan lang Anglè se yon mezi ki montre eta avansman elèv yo nan pwosesis la pou yo devlope konpetans nan lang Anglè ki nesesè pou jwenn aksè nan ansèyman kontni an Anglè. Lè elèv yo antenn pi wo nivo konpetans nan lang Anglè, yo pa bezwen sèvis sipò lengwistik ankò pou yo patisipe nan ansèyman kontni ki an Anglè.



Kijan yo itilize nòt WIDA Alternate ACCESS yo?

Tès yo ede pwofesè yo konprann si elèv yo gen konpetans lang yo bezwen pou yo patisipe totalman nan salklas la. Elèv k ap aprann Anglè ki gen andikap **ka** aprann langaj ak sistèm komunikasyon konplèks. Pwofesè ptit ou a sèvi ak rezulta tès WIDA Alternate ACCESS pou deside ki meyè fason pou li anseye ptit ou a.

Nòt tès yo tou ede pwofesè yo swiv pwogrè ptit ou a nan aprann Anglè akademik epi ede lekòl yo deside ki sèvis sipò nan lang Anglè pou bay. Ou ka sèvi ak enfòmasyon tès yo pou plede pou ptit ou a nan lekòl la.

Preparasyon pou WIDA Alternate ACCESS

- Ptit ou a pa bezwen etidye pou WIDA Alternate ACCESS. Tès la se yon opòtinite pou elèv yo demonstre tout fason ke yo konprann epi kapab kominike nan lang Anglè.
- Jwenn egzanp kesyon tès WIDA Alternate ACCESS sou paj Alternate ACCESS Sample Items sou sitwèb WIDA a, [wida.wisc.edu/assess/alt-access/preparing/practice](https:// wida.wisc.edu/assess/alt-access/preparing/practice).
- Prepare pou jou tès la lè w asire w ke ptit ou a dòmi ase epi li pran dejene.
- Pale ak pwofesè ptit ou a sou ki lè w ap resevwa nòt tès yo, kijan lekòl ptit ou a sèvi ak nòt sa yo, ak kijan fanmi ou ka sipòte devlopman langaj ptit ou a lakay la.

Kesyon ou ka poze pwofesè ptit ou a

- Ki jan yo pral anrejistre ak swiv objektif devlopman lang Anglè ptit mwen an?
- Kilè ptit mwen an ap pase tès WIDA Alternate ACCESS la?
- Kilè m ap resevwa rezulta tès WIDA Alternate ACCESS ptit mwen an?
- Kijan yo itilize nòt tès yo pou ede ptit mwen an fè pwogrè nan aprantisaj Anglè akademik?
- Kijan ou deside lè ptit mwen an ap sispann benefisyé sèvis lang Anglè?

